

THE DEPARTMENT OF EARLY EDUCATION AND CARE / MINISTÈ EDIKASYON AK GAD BONÈ
SUBSIDIZED CHILD CARE / GAD TIMOUN SIBVANSYONE
EMPLOYMENT VERIFICATION FORM / FÒMILÈ VERIFIKASYON TRAVAY

Ministè Edikasyon ak Gad Bonè a (*Department of Early Education and Care*) (EEC) founi asistans finansye pou edikasyon ak gad bonè pou Fanmi nan Massachusetts ki elijib. Pou yo kalifye, fòk Fanmi yo satisfè direktiv EEC yo sou revni epi fòk yo demontre yon bezwen pou sèvis. Bezwen pou sèvis defini kòm kantite tan gad timoun nesèsè poutèt patisipasyon Paran an (sa enkli responsab) nan yon aktivite apwouve. Aktivite apwouve ki etabli bezwen pou yon sèvis enkli travay, edikasyon, ak fòmasyon.

Fòk kandida sa yo ranpli fòmilè sa a:

- Yon kandida ki fenk kòmanse travay ki poko kapab founi souchèk ki dokimante revni li pou youn mwa (4 semèn andedan peryòd 6-semèn pi resan an);
- Yon kandida ki touche lajan kach, chèk pèsònèl oswa òd finansye, ki li travay pou oswa ap travay kòm yon moun kontraktè endepandan/travayè sou kontra pou yon endividi oswa biznis jan sa defini nan Gid Politik sou Asistans Finansye Chapit 4.2(C)(1)(a)(iii) Kontraktè Endepandan.

Objektif fòmilè sa a se pou verifye:

- estati anplwa kandida a;
- kantite è pa semèn li travay;
- konbyen revni li touche pou è travay sa yo; ak
- ke yon Paran elijib pou asistans finansye EEC epi, si nou twouve li elijib, kantite gad timoun li ka resevwa.

ENSTRIKSYON POU RANPLI FÒMILÈ SA A

***Remake:** Nou pa kapab detèmine elijibilite yon moun pou asistans finansye EEC sòf si w ranpli tout seksyon yo nan fòmilè sa a antyèman epi remèt li bay Administratè Sibvansyon an. Li enpòtan pou ranpli fòmilè a epi remèt li a lè.*

Enstriksyon pou Kandida pou Asistans Finansye EEC (Paran):

1. Tanpri ranpli Seksyon I, II, ak III nan fòmilè sa a.
2. Apre w fin ranpli seksyon sa yo, ou dwe fè epi kenbe kopi pou dosye pa w yo avan w remèt fòmilè a bay moun k ap verifye anplwa w.
3. Si w se yon nouvo anplwaye oswa anplwaye egzistan nan yon biznis epi w touche lajan kach, fòk ou bay anplwayè w fòmilè sa a pou yo ranpli Seksyon IV epi voye fòmilè a bay Administratè Sibvansyon an.
4. Si w se yon kontraktè endepandan/travayè sou kontra, fòk ou bay moun/biznis ak ki ou genyen kontra a fòmilè sa a pou yo ranpli Seksyon IV epi voye li bay Administratè Sibvansyon an.

Enstriksyon pou Moun k ap Verifye Travay:

Tanpri ranpli Seksyon IV nan fòmilè sa a. Tanpri fè epi kenbe yon kopi pou dosye pa w yo epi voye kopi orijinal la ansanm ak tout dokimantasyon sipò bay Administratè Sibvansyon an.

**THE DEPARTMENT OF EARLY EDUCATION AND CARE / MINISTÈ EDIKASYON AK GAD BONÈ
SUBSIDIZED CHILD CARE / GAD TIMOUN SIBVANSYONE
EMPLOYMENT VERIFICATION FORM / FÒMILÈ VERIFIKASYON TRAVAY**

SEKSYON I: ENFÒMASYON TRAVAY

Se pou Kandida a pou Asistans Finansye EEC a Ranpli Sa a.

1. Non Kandida a (Paran an): _____

2. Tip Travay

a. Tanpri koche deklarasyon ki pi byen dekri nati travay w.

- Mwen se yon nouvo anplwaye biznis anba a. *Tanpri ranpli b ak c anba a epi sote c ak d.*
- Mwen se yon anplwaye egzistan biznis anba a. *Tanpri ranpli b ak c anba a epi sote c ak d.*
- Mwen travay kòm kontraktè endepandan/travayè sou kontra pou biznis anba a. *Tanpri ranpli b, c, d ak e anba a.*

b. Non Biznis la: _____

Adrès: _____

Telefòn: _____

c. Si w se kontraktè endepandan/travayè sou kontra tanpri dekri tip travay ou fè ak nati biznis ou (*pa egzanp, mwen kondwi yon taksi*).

d. Si w se kontraktè endepandan/travayè sou kontra, èske w fè travay oswa founi sèvis a plizyè kliyan?

- Wi Non

e. Si w se anplwaye oswa kontraktè endepandan/travayè sou kontra, èske w touche kach oswa chèk pèsònèl oswa òd finansye nan men biznis pi wo a nan b?

- Wi Non

SI W TOUCHE KACH, ou pral oblije founi yon kopi deklarasyon taks revni federal pi resan w, avèk tout fòmilè ak orè ki aplikab yo, osi byen ke yon Dosye Relèv Taks Kont.

SI W TOUCHE CHÈK PÈSONÈL OSWA ÒD FINANSYE, ou pral oblije founi kopi chèk ki anile oswa òd finansye ki reflekte peman pandan 4 semèn sou 6 semèn pi resan an, osi byen ke kopi deklarasyon taks revni federal pi resan yo avèk tout fòmilè ak orè ki aplikab yo, osi byen ke yon Dosye Relèv Taks Kont.

**THE DEPARTMENT OF EARLY EDUCATION AND CARE / MINISTÈ EDIKASYON AK GAD BONÈ
SUBSIDIZED CHILD CARE / GAD TIMOUN SIBVANSYONE
EMPLOYMENT VERIFICATION FORM / FÒMILÈ VERIFIKASYON TRAVAY**

3. Tanpri mete dat kòmansman anplwaman w, dat ou te kòmanse ap travay kòm kontraktè endepandan/travayè sou kontra. _____

Pa egzanp, January 15, 2007

4. Konbyen è pa semèn ou travay? _____ è
Si orè travay w varye, tanpri mete è minimòm ak maksimòm pa semèn ou ka travay (pa egzanp, ant 20-25 è pa semèn).

5. Konbyen revni, avèk poubwa, ou touche pa semèn pou è travay sa yo? _____
Si revni w varye, tanpri mete montan mwayen revni ou touche pa semèn.

6. Tanpri dekri orè travay w chak semèn (*pa egzanp, 8:00 a.m. pou 4:00 p.m. lendi, mèkredi, ak vandredi*).

SEKSYON II: OTORIZASYON POU DISTRIBISYON ENFÒMASYON

Se pou Kandida a pou Asistans Finansye EEC a Ranpli Sa a.

M ap mande asistans finansye pou gad timoun nan men Department of Early Education and Care. Mwen otorize:

- endividi nan Seksyon IV pou li distribye enfòmasyon yo mande sou fòmilè sa a sou mwen;
- endividi nan Seksyon IV pou li pataje enfòmasyon ki gen rapò ak estati travay mwen, orè travay mwen, ak revni mwen avèk Administratè Sibvansyon resous gad timoun nan ak ajans ki fè referans ak/oswa EEC pou detèmine elijibilite mwen pou asistans finansye; ak
- Administratè Sibvansyon an ak/oswa EEC a pou yo kontakte endividi nan Seksyon IV pou verifye enfòmasyon mwen te founi nan fòmilè sa a.

Mwen konprann ke desizyon mwen pou mwen otorize endividi nan Seksyon IV pou li pataje enfòmasyon sou estati travay mwen, orè travay mwen, ak revni mwen avèk Administratè Sibvansyon an ak/oswa EEC a volontè. Sepandan, mwen konprann si mwen pa otorize endividi nan Seksyon IV pou li pataje enfòmasyon sa yo, Administratè Sibvansyon an ak/oswa EEC, p ap kapab fè yon detèminasyon sou elijibilite mwen pou asistans finansye pou gad timoun.

Enprime Non Paran an: _____ Dat: _____

Siyati Paran an: _____

ADRÈS

VIL

ETA

KÒD POSTAL

NIMEWO TELEFÒN

ADRÈS IMÈL

THE DEPARTMENT OF EARLY EDUCATION AND CARE / MINISTÈ EDIKASYON AK GAD BONÈ

SUBSIDIZED CHILD CARE / GAD TIMOUN SIBVANSYONE

EMPLOYMENT VERIFICATION FORM / FÒMILÈ VERIFIKASYON TRAVAY

SEKSYON III: SÈTIFIKASYON

Se pou Kandida a pou Asistans Finansye EEC a Ranpli Sa a.

Mwen sètifye enfòmasyon mwen te founi nan Seksyon I ak II nan fòmilè sa a, dapre tout konesans ak kwayans mwen, vre ak presi. **Mwen konprann ke SI MWEN TOUCHE KACH, mwen responsab pou mwen founi yon kopi deklarasyon taks revni federal pi resan mwen yo, avèk tout fòmilè ak orè ki aplikab yo, osi byen ke yon Dosye Relèv Taks Kont. Mwen konprann sou Si mwen TOUCHE CHÈK PÈSONÈL OSWA ÒD FINANSYE, mwen pral oblije founi kopi chèk ki anile oswa òd finansye ki refleto paman pandan 4 semèn sou 6 semèn pi resan an, osi byen ke kopi deklarasyon taks revni federal pi resan mwen yo, avèk tout fòmilè ak orè ki aplikab yo, osi byen ke yon Dosye Relèv Taks Kont.**

Mwen sètifye enfòmasyon mwen te founi nan fòmilè sa a, dapre tout konesans ak kwayans mwen, vre ak presi. Mwen konprann founi enfòmasyon ki fo oswa twonpe an koneksyon avèk demann mwen pou asistans finansye EEC, resevwa asistans finansye EEC an konsekans kèlkeswa enfòmasyon ki fo oswa twonpe, ak/oswa kache oswa kenbe enfòmasyon pou objektif etabli oswa kenbe elijibilite oswa ògmante nivo asistans gad timoun kapab lakòz tèminasyon imedyà sibvansyon mwen pou gad timoun. Mwen konprann tou mwen oblije **rapòte nan lespas trant (30) jou kèlkeswa chanjman tanporè oswa non-tanporè.** Chanjman Tanporè yo enkliz ~~Changes include: absans pandan yon tan limite nan bezwen pou sèvis poutèt maladi oswa nesosite pou okipe yon fanmi w;~~ kèlkeswa entèripsyon nan travay pou yon travayè sezonye ki p ap travay ant sezon travay nòmal pou endistri a; kèlkeswa pòz semès oswa fèt pou yon Paran k ap patisipe nan edikasyon oswa fòmasyon; kèlkeswa rediksyon nan è travay, fòmasyon oswa edikasyon, depi Paran toujou ap travay oswa asiste fòmasyon oswa edikasyon; kèlkeswa kanpe nan aktivite apwouve yon Paran poutèt pandemi COVID-19 la; kèlkeswa lòt kanpe nan aktivite apwouve yon Paran ki pa depase 12 semèn; ak yon chanjman de rezidans andedan Eta a ~~a change of residency within the Commonwealth.~~ Chanjman Non-temporè yo enkliz ~~Changes include: increases ògmantasyon nan revni kò kay la ki depase in total household income exceeding 85% SMI; chanjman nan kowòdone fanmi an~~ ~~in family contact information;~~ ~~chanjman nan konpozisyon kò kay la~~ pandan plis pase 30 jou an total pandan yon otorizasyon 12 mwa; chanjman nan aranjan gad timoun nan ~~in child custody arrangements;~~ any tout chanjman adrès an deyò eta a; oswa tout chanjman oswa kanpe nan patisipasyon yon paran nan travay, fòmasyon, oswa edikasyon ki dire plis pase 12 semèn. Mwen konprann ke ~~failure neglije rapòte Chanjman te report~~ ~~Non-Temporary tanporè yo pral lakòz yon Vyolasyon Pwogram Entansyonèl~~ ~~Changes will result in an (IPV) and epi li kapab fè mwen sibi diskalifikasyon.~~

Siyati Paran an: _____ Dat: _____

SEKSYON IV: VERIFIKASYON TRAVAY PA YON TWAZYÈM PATI

Se pou moun k ap verifiye travay kandida a pou asistans finansye EEC a ranpli sa a.

Tanpri koche kare anba a ki pi byen dekri relasyon biznis ou avèk kandida a.

- Mwen se anplwayè kandida a. *Si w te koche kare sa a, tanpri ranpli Pati A ak C anba a epi sote Pati B.*
- Kandida a se kontraktè endepandan/travayè sou kontra avèk ki mwen gen kontra. *Si w te koche kare sa a, tanpri ranpli Pati A ak C anba a epi sote Pati B.*
- Mwen se yon kliyan kandida a. *Si w te koche kare sa a, tanpri sote Pati A anba a epi ranpli sèlman Pati B ak C.*
- Mwen founi byen oswa sèvis bay kandida a kòm yon pati nan biznis li. *Si w te koche kare sa a, tanpri sote Pati A anba a epi ranpli sèlman Pati B ak C.*

Anba a tanpri mete dat kandida a te kòmanse travay oswa, si kandida a se kontraktè endepandan/travayè sou kontra avèk ki ou genyen kontra, tanpri mete dat li te premye kòmanse ap travay pou w.

**THE DEPARTMENT OF EARLY EDUCATION AND CARE / MINISTÈ EDIKASYON AK GAD BONÈ
SUBSIDIZED CHILD CARE / GAD TIMOUN SIBVANSYONE
EMPLOYMENT VERIFICATION FORM / FÒMILÈ VERIFIKASYON TRAVAY**

DAT KÒMANSMAN TRAVAY: _____

**THE DEPARTMENT OF EARLY EDUCATION AND CARE / MINISTÈ EDIKASYON AK GAD BONÈ
SUBSIDIZED CHILD CARE / GAD TIMOUN SIBVANSYONE
EMPLOYMENT VERIFICATION FORM / FÒMILÈ VERIFIKASYON TRAVAY**

Pati A: Se pou anplwayè kandida a, oswa si kandida a se kontraktè endepandan/travayè sou kontra, moun/biznis ki gen kontra avèk kandida a ranpli sa a.

1. Tanpri dekri tip travay kandida a fè, konbyen è li travay pa semèn, avèk orè li chak semèn, ak konbyen revni li touche pou è travay sa yo. *Pa egzanp, Mwen anplwaye Jane Doe kòm yon anplwaye sou kontra pou li kondwi yon taksi lendi, madi, ak vandredi de 8:00 a.m. pou 6:00 p.m. Jane Doe travay 30 è pa semèn epi li touche \$300 pa semèn plis poubwa.*

Tanpri bay enfòmasyon swivi yo sou biznis ou.

2. Non Biznis la: _____

3. Adrès Biznis la: _____

4. Telefòn Biznis la: _____

5. Nati Biznis la: _____

6. Nimewo Sekirite Sosyal: _____ **OSWA** Nimewo Idantifikasyon Anplwayè (EIN)¹: _____

7. Eitati Kòporasyon Biznis la: (Tanpri koche youn nan swivi yo)

____ Pwopriyetè Inik ____ Patenarya ____ Kòporasyon ____ Kòporasyon-S

8. Nimewo Sètifika Doing Business As (DBA): _____ *(Si sa aplikab)*

9. Vil/Town Kote w Te Depoze DBA a: _____ *(Si sa aplikab)*

.....

PATI B: Se pou yon kliyan oswa founisè k ap verifye travay Kandida a pou Asistans Finansye EEC a ranpli sa a.

1. Tanpri koche kare anba a ki pi byen dekri relasyon biznis ou avèk kandida a.

Mwen se yon kliyan kandida sa a.

Mwen founi byen oswa sèvis pou kandida sa a kòm pati nan biznis li.

2. Konbyen tan depi w kliyan/founisè kandida a?

¹ Sa a rele Nimewo Idantifikasyon Federal tou

THE DEPARTMENT OF EARLY EDUCATION AND CARE / MINISTÈ EDIKASYON AK GAD BONÈ
SUBSIDIZED CHILD CARE / GAD TIMOUN SIBVANSYONE
EMPLOYMENT VERIFICATION FORM / FÒMILÈ VERIFIKASYON TRAVAY

3. Tanpri dekri tip travay kandida a fè, avèk nati byen/sèvis li founi. *Pa egzanp, Jane Doe genyen pwòp biznis peyizaje pa li epi li fè travay peyizaje ak jaden.*

4. **Si w se yon kliyan kandida a**, chak konbyen tan ou achte byen/sèvis nan men endividi sa a? *Pa egzanp, Jane Doe okipe zèb ak jaden mwen de fwa pa mwa pandan mwa avril pou novanm.*

5. **Si w founi byen oswa sèvis pou kandida a**, chak konbyen tan w founi byen oswa sèvis pou endividi sa a? *Pa egzanp, mwen livre founiti biwo bay Jane Doe youn fwa pa mwa.*

6. Èske w konnen konbyen è pa semèn kandida a travay ak/oswa è operasyon li yo?

Wi Non

7. If you answered wi to question 6, please list below the weekly work è ak/oswa è of operation of the applicant.

.....
Pati C: Se pou tout moun k ap verifye travay yo ranpli sa a

Mwen sètifye enfòmasyon mwen te founi nan Seksyon IV nan fòmilè sa a, dapre tout konesans ak kwayans mwen, vre ak presi.

Tanpri enprime Non moun k ap verifye a: _____ Dat: _____

Siyati Moun k ap Verifye Travay: _____

Tit Moun k ap Verifye _____ Telefòn: _____

Adrès: _____

Enstriksyon pou Moun k ap Verifye Travay pou Kandida Asistans Finansye EEC: Tanpri fè yon kopi fòmilè sa a pou dosye pa w yo epi remèt fòmilè orijinal la ak tout dokimantasyon sipò yo bay:

Administratè Sibvansyon mete adrès oswa kole etikèt postal:
